



Pou Piblikasyon Imedya: 03/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEKRÈ EGZEKITIF KI OTORIZE ETA A POU REDISTRIBIYE VANTILATÈ AK EKIPMAN POU PWOTEKSYON PÈSONÈL YO BAY LOPITAL KI GEN PLIS BEZWEN YO

Ekipman yo ap retounen nan lopital la oswa lopital la ap jwenn ranbousman pou ekipman yo alavni

Sant lopital tanporè nan Jacob K. Javits Convention Center a pral itilize pou sèlman pasyan COVID-19

Lanse [nouvo sitwèb](#) pou bay piblik la done konplè sou tèl COVID-19 la nan New York

Pwochen sant tèl mobil sou volan an pral louvri nan Albany semèn k ap vini an - Eta a te louvri 7 sant mobil jiska jodi a

Konfime 10,482 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout Eta a nan 102,863; nouvo ka nan 49 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Andrew M. Cuomo pral pibliye yon Dekrè Egzekitif ki otorize eta a redistribiye vantilatè ak ekipman pou pwoteksyon pèsonèl yo oswa PPE sòti nan enstitisyon ki pa bezwen yo nan moman an epi redeplwaye ekipman yo bay lòt lopital ki gen plis bezwen. N ap itilize Gad Nasyonal la pou transpòte vantilatè ak PPE yo nan eta a. Ekipman yo ap retounen nan lopital la oswa lopital la ap jwenn ranbousman pou ekipman yo alavni.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke sant lopital tanporè nan Jacob K. Javits Convention Center a pral itilize kounye a pou pasyan COVID-19 sèlman. Yè, Prezidan Trump te apwouve demann Gouvènè a pou sant Javits la aksepte pasyan ki pozitif pou COVID-19.

Gouvènè te anonse tou lansman www.ny.gov/covid-19tracker, ki pral bay piblik la done konplè sou tèl kowonaviris la nan Eta New York. Sitwèb la, ki pral mete ajou chak jou avèk dènye done yo, prezante vizyalizasyon tout eta a ak tèl nan konte yo ak rezilta yo. Piblik la ka gen aksè tou ak done tèl yo atravè Open NY nan data.ny.gov, pòtay done louvri Eta New York la, ki ofri ansanm done lizib atravè machin nan fòma estanda ki ka telechaje, klase, chèche, analize ak aplike pou nouvo itilizasyon.

Gouvènè a te anonse tou ke Eta a pral louvri yon nouvo sit tèl mobil COVID-19 ki enpòtan pou rejyon Distri Kapital la nan patenarya avèk Albany Medical Center, St.

Peter's Health Partners ak University at Albany. Sant tès mobil la pral sitiye nan yon pakin nan State University of New York nan kanpis Albany - pakin nan 1400 Washington Avenue, Colonial Quad, ki aksesib depi nan antre UAlbany, sou Washington Avenue, Albany. Sit sa a pral priorize tès pou moun ki pami popilasyon ki gen risk lo pi wo a. Rezidan yo ki ta renmen fè tès la dwe pran randevou lè yo rele nan 888-364-3065. Yo p ap otorize moun antre anndan epi tout pasyan yo dwe nan machin. Sant lan ta dwe fonksyonèl nan lendi 6 avril nan 10 am. Lè fonksyònman sit la se lendi rive dimanch, 8 am pou 6 pm.

Sant tès mobil sou volan yo ede kenbe moun ki malad oswa ki gen risk pou trape kowonaviris la lwen etablisman swen sante yo, kote yo ta ka enfekte lòt moun. New York ap teste plis pase 16,000 moun pa jou aktyèlman, plis pase nenpòt lòt eta e plis pase Lachin ak Kore Disid sou yon baz pa abitan.

"Nou te pran mezi ekstraòdinè pou kreye estòk vantilatè nou, mask ak lòt ekipman pou pwoteksyon pèsònèl yo men nou toujou pa gen ase", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pi gwo defi nou se vantilatè yo - nou manke yo nan rejyon nou ki plis sou presyon yo nan eta a epi gen lopital nan lòt eta ki gen vantilatè ke yo p ap itilize epitou mwen p ap nan yon pozisyon kote moun ap mouri epi pou nou gen plizyè santèn vantilatè nan pwòp eta nou an ki lòt kote. M ap siyen yon nouvo Dekrè Egzekitif ki pral otorize eta a redistribiye vantilatè sa yo sòti nan enstitisyon ki pa bezwen yo nan moman an epi voye yo bay lopital nan lòt kote nan eta a ki bezwen yo. Epi lè koub nou an fini, Nouyòkè yo ap pran ekipman nou, pèsònèl nou ak konesans nou epi nou pral nan nenpòt kominote nan nasyon sa a ki bezwen èd paske yo te manifeste soutyen yo pou nou."

Finalman, Gouvènè a te konfime 10,482 ka nouvo kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 102,863 ka konfime nan Eta New York. Nan total 102,863 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	267	14
Allegany	14	2
Broome	56	10
Cattaraugus	9	1
Cayuga	6	2
Chautauqua	9	1
Chemung	35	13
Chenango	32	4
Clinton	30	5
Columbia	42	6
Cortland	10	2
Delaware	24	2
Dutchess	809	142
Erie	720	103
Essex	6	0

Franklin	10	1
Fulton	6	0
Genesee	16	2
Greene	23	2
Hamilton	2	0
Herkimer	14	0
Jefferson	18	3
Lewis	2	0
Livingston	16	2
Madison	70	10
Monroe	464	44
Montgomery	10	2
Nassau	12,024	1,437
Niagara	94	18
NYC	57,159	5,350
Oneida	71	10
Onondaga	252	18
Ontario	28	2
Orange	2,397	404
Orleans	9	3
Oswego	26	4
Otsego	21	0
Putnam	252	36
Rensselaer	56	3
Rockland	4,289	538
Saratoga	141	9
Schenectady	110	9
Schoharie	9	1
Schuyler	3	0
Seneca	6	2
St. Lawrence	43	4
Steuben	46	3
Suffolk	10,154	1,408
Sullivan	168	25
Tioga	7	0
Tompkins	84	10
Ulster	263	23
Warren	19	1

Washington	15	3
Wayne	30	3
Westchester	12,351	784
Wyoming	15	1
Yates	1	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)